



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 25 MILYON DOLA NAN FINANSMAN ANPLIS POU NOURISH NY POU LIVRE PWODWI AGRIKÒL KI FÈT NEW YORK BAY FANMI KI NAN BEZWEN YO JISKA JIYÈ**

***Yo te livre 21 milyon liv pwodwi agrikòl anplis bay plis pase 1.3 milyon fanmi nan tout Eta New York depi yo te lanse Nourish NY la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo te kanalize 25 milyon dola anplis bay rezo bank alimantè ak founisè manje ijans New York yo pou sipòte pwogram Nourish New York (Nouri New York) la jiska jiyè 2021. Depi Gouvènè a te lanse Nourish NY nan pik pandemi COVID-19 la an avril 2020 an, yo te achte 21 milyon liv pwodwi agrikòl anplis nan men kiltivatè New York yo epi yo te livre yo bay plis pase 1.3 milyon fanmi ki nan bezwen nan tout Eta New York. Achte ak distribye manje nan itilize twazyèm faz finansman sa a - ki te premye anonse pandan Diskou sou Eta Leta 2021 Gouvènè a - sou wout pou fèt aktyèlman. Depi lansman Nourish NY la, yo te investi yon total 60 milyon dola nan pwogram lan.

"New York se wout pou rekiperasyon anba pandemi an, men genyen yon bezwen kontini pou asiste fanmi yo ak kiltivatè nou yo nan tout Eta a ki toujou gen difikilte", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Depi yo te lanse li nan prentan pase a, inisyativ Nourish New York la te genyen yon siksè enkwayab nan konekte pwodiktè agrikòl nou yo avèk bank alimantè yo nan chak kwen Eta a pou pote manje lokal ki fre bay fanmi ki nan bezwen yo. Twazyèm faz finansman an pral ede asire ke okenn Nouyòkè pa rete grangou epi ke fanmi yo genyen aksè ak manje ki nitritif - pandan nou ap sipòte tou ekonomi agrikòl New York la."

Pwogram Nourish New York la bay finansman pou bank alimantè ak founisè manje ijans New York yo, ki ansuit achte pwodwi agrikòl yo nan men kiltivatè ak fabrikan pwodwi letye New York yo epi livre manje a bay fanmi ki nan bezwen yo. Founisè manje ijans yo kapab itilize fon Nourish New York la pou:

- Òganize evènman/kado manje pou rete nan machin;
- Distribye kupon pwodwi letye ke moun yo kapab itilize nan magazen manje yo pou pwodwi tankou fwomaj, yougout, lèt, krèm frè, ak bè, atravè Eta a, ak/oswa;
- Achte te pwodwi dirèktmanb nan men fabrikan pwodwi letye/manje New York yo pou pwogram bay manje yo a.

Akoz pandemi COVID-19 la, kiltivatè yo te konnen yon chanjman chèn apwovizyonman majè ki te abouti sou pèt mache ak revni ak gaspiyaj sipli manje fre, patikilyèman lèt

likid. An menm tan, demann pou manje atravè founisè manje ijans yo te deklanche atravè eta a. Lè Gouvènè a te wè opòtinite pou alimante rezidan yo epi ede kiltivatè yo, li te lanse inisyativ Nourish New York la. Inisyativ sa a te bay 25 milyon dola nan finansman pou premye faz la epi 10 milyon dola nan dezyèm faz pwogram lan pou achte manje ke yo kiltive, elve, oswa ke yo transfòme nan Eta New York epi li te sèvi kòm yon kanal revni altènatif enpòtan pou kiltivatè ak transfòmateur pwodwi letye yo pandan pandemi an. Atravè pwogram sa a, yo te touche plis pase 4,150 kiltivatè.

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te deklare,** "Pandan 10 dènye mwa yo, pwogram Nourish New York la te ede nouri plis pase yon milyon fanmi avèk pwodwi letye nitritif, fwi ak legim, ak anpil lòt, epi li te ede asire kiltivatè nou yo genyen yon mache pou pwodwi yo. Nou fyè pou koneksyon ki te fèt yo epi nou remèsye Gouvènè pou angajman kontini an pou achte machandiz ki soti nan kiltivatè Eta New York yo epi asire ke tout Nouyòkè yo genyen aksè nan manje ki bon pou lasante".

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare,** "Pandan tout pandemi an, resous yo te diminye pou anpil moun akòz pèt travay ak lòt difikilte. Nourish New York, yon egzanp inisyativ Sante Atravè Tout Politik (Health Across All Policies initiative) la, pèmèt bank alimantè yo ak kiltivatè yo konble yon bezwen sante piblik enpòtan nan asire ke manje nitritif ki kenbe nou an sante ap rive sou tab fanmi ki plis nan bezwen yo".

**Direktè Egzekitif Feeding New York State Dan Egan te deklare,** "Nourish New York te pèmèt bank alimantè nou yo bay manje ki soti New York ki gen bon jan kalite bay vwazen nou yo ki nan bezwen. Sa te ranfòse relasyon ant bank alimantè yo ak kiltivatè yo. Nou aplodi Gouvènè Cuomo dèske li te rekonèt pwogram sa a bezwen kontinye".

**Prezidan Biwo Agrikòl New York la (New York Farm Bureau), David Fisher te deklare,** "Finansman anplis pou Nourish NY la se bòn nouvèl pou anpil kiltivatè ak moun ki gen revni ki ba ki ap fè fas avèk konsekans pandemi an. Pwogram lan te kowòdone yon mwayen pou fè manje soti nan fèm yo rive bank alimantè yo nan chak rejyon nan Eta a, sa ki konpanse kiltivatè yo pou pwodwi yo a ak redwi gaspiyaj manje an menm tan. Sa te pwouve ke li te yon bwe sovtaaj pou moun ki nan bezwen yo, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li kontinye pwogram lan".

Inisyativ Nourish New York la te dirije pa yon gwoup travay espesyal Gouvènè Cuomo te kreye; li gen ladan:

- Kelly Cummings, Direktris Operasyon ak Enfrastrikti Eta a
- Richard Ball, Komisè Agrikilti a
- Sekretè Eta a Rossana Rosado
- Karim Camara, Direktè Egzekitif Biwo Sèvis Devlopman Kominotè Konfesyonèl (Office of Faith-Based Community Development Services)
- Fran Barrett, Direktè Òganis San Bi Likratif
- Mike Hein, Komisyonè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance)

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)